

ПИКРУ

**Росулъа араб, шагъаралде щвечIеб...**

Стр. 2

ГАРА-ЧIВАРИ

**Къабанал гIемерлъун руго гIазизаб улкаялда...**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 9-10 * июнь 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 20 гъ.


*лъайкьей*

## Ахирисеб цIумур кьабуна

**Исанаги киса-кибего тIолабго улкаялда гIадин, ЛъаратIа районалда киналго школаздаги тIобитIана 25 маялда ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир. КидагогIадин тIадегIанаб даражаялда тIобитIана ЛъаратIа росулъ ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир. Гьеб цо рахъалъ роххалилаб ва цоги рахъалъ пашманаб къо. Жуба-хIубараб асар рекIее кьолеблъун лъугьана цIалдохъабазе 25 май. Пашманлъи ккола 11 цIалул соналъ цадахъ рукIарал гьудулзабигун ва мугIалимзабигун ратIалъи. Роххелги ккола цIияб гIумруялде галаби тIами.**

25 абилеб маялъ нижер хIалтIухъаби щвана ЛъаратIа ва Гьукъал росабалъе. Щаклъи бачIунаро байрам тIобитIиялъе гIемераб захIматгун кIвар кьеялъе. Школалъул директораз ва мугIалимзабаз цере рахъун бицунеб букIана цIалдохъабазда, школа лъугIаниги гьезулгун бухьен цIунизе ккеялъул ва мугIалимзаби ракIалда щвезе ккеялъул.

Цере рахъизаруна школалда цIалулаго лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъаби, гьарана гьезие цебехун бугеб нух тезе талихIгун-роххел ва ЕГЭялъул экзаменал кьезе тавпикъ ва цIидасан цIалуде руссизе къасд бугел выпускниказе цIалулъ кIудиял бергьенлъаби. Гьукъал школалда гьединго тIобитIулеб букIана 1986 абилеб соналъул выпускниказ, ай школа лъугIун 30 сон тIубаялъул данделъи.

Исана школа лъугIарал выпускниказ иргадал цере рахъун кIалъана ва баркала кьуна жидее тарбиягун лъай кьурал мугIалимзабазе. РукIана ахIулел, рикIкIунел кучIдул ва кьурди. Гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул нухмалъиялъ ва батIи-батIиял идарабазул нухмалъулез. Гьединго районалъул нухмалъиялъ рагIи кьуна тIасияб соналъ гIицIго ЛъаратIа ва аскIол ругел росабалъе гурел, районалъул рищунго рикIкIадал росабазул школаздеги щвезе.





**Чакъалов**



*барки*

## Хириял бусурбаби, баркула нужеда КIалбиччанкъо!

Хириял ва хIурматиял районалъул тIолалго гIадамал-гIисиналги, чIахIиялги, баркула нужеда тIаде щолеб бугеб ва дунялалъулго бусурбабаз кIодо гьабизе бугеб нилъер бищунго хириял ва бищунго хIурматиял къоязул ва байрамазул цояблъун кколеб КIалбиччанкъо!




Нужеца ккурал кIалал, гьаб хирияб Рамазан моцIалда жанир гьарурал лъикIал гIамалал Аллагьас къабул гьареги.

Нилъер анкьумумузе гьеб букIана цоцазда гьоркьоб вацлъи ва гьудуллъи щулалъиялъе, цоцаздехун букIараб рекIелхъублъи ва ресукълъи чуриялъе, чорхол иман ва гIаданлъи цIикIкIиналъе ва щулалъиялъе, дунялалъул гьарзалъи букIиналъе квербакъулеб къолъун.

Гьаб моцIалъ нужеца гьарурал лъикIал гIамалал Аллагьас азариде рахинарун ратаги.

Биччанте, хириял районцоял, исанасеб кIалбиччанкъоги Аллагьас гьединаблъун букIинабизе нилъее ва тIолалго бусурманлъиялъеги, инсаниятальеги.

Хадубккунги бачIунеб Рамазан моцIалда, рекIелъ имангун, гьоркьоса чи камичIого дандчIвай гьабизе ва хIурматалда гьеб тIобитIизе чIаго тайги нилъ киналго.

Биччанте, вацлъигун гIаданлъи цIикIкIине!

**"ЛъаратIа" районалъул бетIер**
**Ражаб РАЖАБОВ**



❁ цIиял харбал

# Иргадулаб сессия

*Райсобраниялъул данделъи тIобитIана*

**Июналъул ичIабилеб къоялъ ЛъаратIа администрациялъул кIудияб залалда тIобитIана иргадулаб районалъул депутатазул данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна районалъул нухмалъиялъул хIисабалда кIвар бугел суалал. Росабазул администрациялъул бутIруздаса районалъул депутататазул ихтиярал нахъе рахъи, районалъул контрольно-счетная палаталъул цIияв председатель вищи, гьоркьисеб ва исанасеб соналъул районалъул бюджеталда сверухъ бахIсал ва гьел гурел цоги кIвар бугел суалал.**

Сессия байбихьана районияб собраниялъул депутатазул председатель ГIабдула ГIабдулаевас. Гьес данделъиялде щваралги щвечIелги депутатазул хал-шалги гьабун байбихьана ва тIоцебе гьоркьоб лъуна суал росабазул администрациялъул бутIруздаса, районалъул депутатлъиялъул ихтиярал нахъе рахъиялъул. Нилъеда лъала, араб соналъул сентябрь моцIалда нилъер республикаялда тIоритIана шагьаразул, районазул ва гьединго росабазул администрациялъул рищиял. Гьел рищиязул хIасилалда росабазул администрациязул бетIерлъуде рачIарал бегавулзабазда тIад кьалел рукIана депутатазул ихтияралги. Хадуб улкаялъул конституциялъулаб судалъул хIукмуялда рекъон, нахъе рахъана бегавулзабаздаса гьел ихтиярал. Гьанже щибаб росдал администрациялъул депутатазда гьоркьоса рищана цIиял районалъул депутатал.

Данделъиялда гьоркьоб лъуна кIиабилеб суал, районалъул контрольно-счетная палатаялъул цIияв нухмалъулев вищи. Депутатазул хIукмуялда вищизе кколелъул гьев. ГьанжелъизегIан гьенив нухмалъулевлъун анцIгоялдасаги цIикIун соналъ хIалтIана ХIусен КъурбангIалиев. ХIукуматалъул законалда рекъон кIиго нухалдасан цIикIун вищизе ихтияр гьечIо, гьединлъидал ХIусен нахъе ана хъулухъалдасан.





Гьес киналго депутатазе, районалъул нухмалъиялъе ва живгун цадахъ гIемерал соназ хIалтIараб гьудулгьалмагълъиялъе баркала кьуна ва берцинго нахъе ана.

КIиго кандидатураялда гьоркьоса цокIалалъгIадин киналго депутатаз кверalги рорхун цIияб хъулухъалда вищана ХIабиб ГIалиев. Депутатазул хIисабалда ХIабиб рикIкIунев вуго хIалбихьи бугев, гIолохъанав ва бажари бугев хIалтIухъанлъун, гьелъ батила ХIабибие гьаркьал кьуна киналго залалда гIодорчIун рукIарал районияб собраниялъул депутатаз.

ХIабиб ГIалиев гIемераб мехалъ хIалтIулев вукIана ЧIорода администрациялъул бухгалтерлъун, хIалтIана гьенивго гьоркьохъеб школалда математикаялъул ва информатикаялъул мугIалимлъунги, 2010 абилеб соналдаса нахъе хIалтIулев вукIана ЛъаратIа пенсионияб фондалъул отделалъул нухмалъулевлъун. Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас ва киналго депутатаз ракI-ракIалъ баркана ХIабибида цIияб хъулухъ ва гьарана гьесие ракIбацIадго хIалтIи гьабизе тавпикъ.

Хадусеб суал, араб соналъул ва исанасеб тIоцебесеб бащдаб лъагIалида районалъул бюджеталда хурхун докладгун цеве вахъана ЛъаратIа районалъул администрациялъул финансовияб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIабасов. Гьесул доклад нужеца цIализе бегьиле гьабго номералда. Гьединаб лъугьана иргадулаб районалъул депутатазул сессия.

Хабар лъикIаб рагIайги.

**Расул АБАКАРОВ**

❁ пикру

# Росулъа араб, шагьаралде щвечIеб...

**Ахираб заманалда республикаялъул бетIерасулгун районазул бутIрузул дандчIваязда рагIулеб буго цо гIажаиб тIалаб. Цебехун нухмалъиялъ бутIрузда цебе лъолареб букIараб, мугIрузул районазда нужеца хасал чагIи бетIергьанал школал, лъималазул ясли-ахал, медицинский пунктал ва участковиял больницаби рагьизе шартIал гIуцIе абураб.**



Гьедин абулеб буго ГIабдулатIиповас муниципиалазда. Гьеб буго базаралъул экономикаялъул ва капитализмаялъул гIаламатаздаса. Гьеб буго жиндирго гIарац бугев хасав чияс жинцаго школа яги больницаги бан гIарцухъ гIадамазе лъай кьей ва унтарал сах гьари.

Пачалихъ щиб гьабизеха гьеб мехалда абураб суал бачIунеб буго. ПачалихъалЪ чIезаризе ккола ращадал шартIал гьеб лъайкьей ва сахлъицIуни гIадамазе гьарулел даранчагIазе. Капитализмаялъул шартIазда гьев хасаб больница яги школа рагьарав чи тохтир яги педагог вукIине кколаро.

Гьев вукIине ккола лъикIав менеджер ва гIуцIарухъан. Гьес жиндир больницаялде ва школалде нухмалъи гьабизе, дарсал кьезе ва гIадамал сах гьаризе рачине ккола гьел хъулухъазул базаралдаса конкуренциялда бергьунел лъикIал мехщелчагIи. Гьеб буго капитализмаялъул шартI.

Нилъер гьаниб пачалихъ, лъайкьей, сахлъицIуни ва нухмалъи буго жуба-гъубан. Цоялъуб - капитализм, цогидалъуб - социализм, цонигияб камилго хIалтIулареб. РачIаха хIисаб гьабизе щиб ахIвал-хIал лъугьун бугеб гьеб кIиго формация жубаялъул хIасилалда?

Ришват кьун институталдеги лъугьун, гьенир гIарцухъ экзаменалги росун, чIовогояв чи вачIунев вуго тIад пуланав махщелчи вугин хъвараб кагъатгун къватIиве.

Гьесда цебе масъала буго кIванагIан хехго директорлъун, бетIерав тохтирлъун яги министерлъун вахъизе. Щай гурелъул гьесул лъай гьечIо гIадатияв мугIалимлъун, яги тохтирлъун хIалтIизе.

Гьениб жо кколаро гьесул. Толевги вуго гьев бетIеравлъун, гьесда релъарал тIад ругеца кьураб жоги босун жидер мазгьабалъул чи вихьун тола дораса мугьал къунцIизе. Гьоркь ругел гьесги тола жидеего "санагIалъаби" гьаризе. Гьел "санагIалъабазул" къурбаналлъунги лъугьуна нилъ. Гьаб жо буго бищунго сурараб форма социализмалъул. Пачалихъалъ "чIобого лъайкьей ва сахлъицIуни гьабулеб буго халкъалъе" абураб гьерсица.

Гьанже рачIина капитализмаялде. Рагьулеб буго цо пуланав базаргьанас лъикIал мехщелчагIиги рачун, къиматаб оборудованиеги лъун живго бетIергьанаб поликлиника.

Гьадаб диплом бичун босарал тохтирзаби ругеб "социализмалъул поликлиникаялда" я лъалеб гьечIо, я кIолеб гьечIо унтуе мухIканаб диагностика гьабизе, яги сах гьаризе. ГIадамал ине кколел руго "капистализмазухъе" азда лъалареб букIун. ГIадамазул батIияб рес гьечIолъиялдаса пайдаги босун доз бахъулеб буго кIванагIан цIикIкIун гIарац.

Азие конкуренция гьечIо, гьеб гьечIолъиялъ хIулулеб буго халкъги. Жеги гIаданиб социализм бугел нилъеца гьединаб поликлиникаялдеги ун абула, гьадал чагIазул хIалихьалъи бугьулищ, цIикIкIун гIарац босулеб бугин. Гьеб дозул хIалихьалъи гуро.

Гьеб буго капитализмаялъе рагьараб базарги, конкуренцияги, шартIалги чIезаризе кIолареб пачалихъалъулги хIалихьалъи. Капитализмаялда багьа дагь гьабула базаралъ ва конкуренциялъ, пачалихъалъ гуреб.

Рамазан ГIабдулатIиповас мугIрузул район капитализм гьабизе тIамиялъе гIилла буго нужее лъайкьеялъе ва сахлъицIуниялъе къураб гIарцуда рекъараб я лъай, я сахлъи магIарухъ гьечIин абураб. Гьеб хIалалда хIалтIун жо кколарин кьолеб сигнал. ХIисаб гьабеха, цо гьоркьохъеб магIарул районалъе лъайкьеялъе кьолеб буго лъагIалие 350-400 миллионгIан гIарац.

Гьебго районалъул цIалдохъабаца 80 проценталдаса тIаде кьезе кIвечIо ЕГЭялъул экзамен. Сундуеха харж гьабун бугеб 340-400 миллион гIарац? ГIадамал харждаздалъун хьезаризейищ?

Гьеб буго социалияб министерствоялъул масъала, лъай-кьеялъул гуреб.

ХIасил калам, киналго унтаби руго унтараб социализмаялъулги - ришват босичIого хъулухъ гьабизе кIолареб, гIалхулаб капитализмаялъулги - рес гьечIолъиялдаса пайда босун халкъ хIулулеб, хIасилалда рижарал.

Гьеб ахIвал-хIалалдаса рорчIизе нухал ралагьулел руго Рамазан ГIабдулатIиповас. Гьелде ахIулел руго муниципиалалги. Щолеб бугищ гьезухъе бетIерасул тIалаб абураб суал хутIулеб буго рагьараблъун. Гьеб релълъуна росдал гIадаталдасаги арал, шагьаралъул культураялдеги щвечIеб жакъасеб гIелалда. Хабар лъикIаб рагIайги.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*гара-чIвари*

# Къабанал гIемерлъун руго гIазизаб улкаялда...

## *ЛъаратIа заказникалъул аслияв инспекторасулгун гара-чIвари*



**Нилъеда лъала тIолабго пачалихъалъулаб кIваралъул заказник нилъер районалъе хасаб бугеблъи. Гьелъ жанире рачуна ЛъаратIа районалъул ракьал гурелги, Кавказалъул кIудияб балалъул севериияб рахъги. Югалдехун гуржиязул Лагадех заказникгун ва Азербайджаналъул заказник Закаталагун гIорхъи бикьула. Кинабниги Дагъистаналъул заказникалъул гIатIилъи буго 83500 га ва ралъдадаса гьеб буго 1500-3932 метралъ борхалъуда. Редакциялъул хIукму ккана гьеб гIажаибаб тIабигIаталъул киналго балъголъаби тIатинариялъе гIоло, ЛъаратIа заказникалъул аслияв инспектор АсхIаб Нажмудиновасулгун гара-чIвари гьабизе.**

**— АсхIаб, щиб жо кколеб заказник? Бугищ ихтияр гIадамазул гьениб гIи-боцIи хьихьизе?**

— Заказникалъул руго пачалихъияб къануналъ чIезарурал хасал тIалабал. Заказникалда гьорлъе унел росабазул ихтияр буго росдадаса 200 метралъ гIагарда бокьараб хIалтIи гьабизе, амма росдадаса 200 метралъ къватIирехун гьарулел хIалтIаби, масала цIиял нухал рахьи, рохьал къотIи ва гьединго гIи-боцIи хьихьи данд базе ккола заказникалъул хIалтIухъабазгун. Гьезухъ рукIине ккола заказникалъгун къотIи-къай гьабурал документал, кагътал. ГIицIго гьеб къотIи гьабиялъул кагъат кодоб бугев чиясул гурони ихтияр гьечIо гьениб хIалтIи гьабизе.

**— Ругищ киназухъго гьел къотIи-къаялъул кагътал?**

— Киназухъго гьечIо. Нилъерго чагIи рукIиналъ цо-цо гьел тIалабал лъаларел чагIи заманаялъ риччан тола хадубккун документ гьабизе. БоцIи хьихьулел, росдал магIишат цебетIезабулел гIадамаздаги лъазе ккола заказникалда дандчIвалареб рухIчIаголъи хьихьизе ва гIезабизе ихтияр гьечIо нижедагун дандбачIого.

**— Кинал ругел гьабсагIат ресал тIабигIат цебетIезабизе ва щиб бугеб тIабигIаталъе гьелдаса кумек?**

— Ресал ва шартIал батIиял къваригIунаро заповедникалъе, тIабигIаталъго хьихьула ва гIезарула рухIчIаголъаби, браконьераздаса гъуричIого, чIвазе течIого цIунизе кIвани. Гьеб буго тIабигIаталъе ва гьенир ругел рухIчIаголъабазе шартIал чIезари.

**— Чан тIабигIат пасат гьабулев чиясда нужеца гIакIа къотIараб ва кигIанаб гIарцул къадаралда?**

— Масала, гьоркьисеб соналъ нижеца гIакIа къотIана I6 чиясе, гьеб букIине рес буго административияб ялъуни уголовияб гIакIа. Нижеца бакIалъулаб полициялде кьола материал ва гьез чIезабула кигIан кIудияб ва бакIаб такъсир гьеб бугебали. Гьелда рекъон гIакIаги къотIула. Уголовияб дело цо букIана гьоркьиса, цо чиясдаса туманкI бахъана. Нилъер гьанир киналго лъалел чагIиги рукIун тамихIалде цIачIого тола, улкаялъул цоги заказниказда гIемерал рукIуна уголовиял такъсирал.

**— Кинал ругел рищунго гIемер гьарулел мекълъаби ва кинаб бугеб гьел гьарулел чагIазе хIинкъи гьездаса?**

— Аслияб къагIидаялъ бищунго гIемер нарушениял рукIуна рохьал къотIулел чагIазул. РухIчIаголъи чIвалел чагIиги гIемерал гьечIо гьелгIан. ЦIул къотIизе бегьула, масала, хIукуматалъул законалда рекъон заказникалъул рохьоса гIицIго хасало бухIизе. Гьелъиеги бигьалъаби гьарун руго хIукуматалъ, заказникалда аскIор ругел росабазе ихтияр кьун буго гьениса хасало бухIизе цIул къотIизе. КъотIизеги ккола гьеб щибаб хозяйствоялъ жидеего цIул къотIизе хIукуматалъ бихьизабураб хасаб бакIалдаса. Нилъер гIадамаз абуни къотIула жидее бокьараб бакIалдаса ва кигIан бокьаниги. Гьелъул налог къезеги бокьуларо. Гьеб гуребги, рукIуна цо-цо къотIи-къай гьечIого боцIи хьихьулел чагIиги, хасго тIасияб мухъалъул гIухьби. Гьоркьиса гьениб нижер хIалтIухъан Бадрудин Мусаевас гIакIа къотIана ункъо чиясе.

**—Гьеб хIалтIи лесхозалъул гурищ? БатIалъи щиб нужецагун лесхозалъ гьабулеб хIалтIул рохьал цIуниялда сверухъ?**

— Лесхозалъулгун нижер хIалтIи цого буго рохьал цIуниялъул рахъалъ, хIатта нижер ихтиярал цIикIарал руго, ниж федералияб кIваралъул хIалтIухъаби ругелъул.

**— Кинал ругел заказникалда къанагIатал рухIчIаголъаби? Данде кканищ гьезул суратал рахьизе?**

— Нилъер улкаялда тIоцебесеб категория къанагIатал рухIчIаголъабазда жанибе уна безоаровый козел абураб рухIчIаголъи, гIалхул дегIен нилъеца абухъе. Гьединго леопардги. Нилъеда лъала гьоркьисеб соналъ нилъер районалъул гьоркьисеб мухъалда бихьун букIана гьеб, хIатта видео ва суратални рахьун рукIана гьелъул. Гьелъул хIакъалъулъ гIемерал газетазда хъвана ва телевидениялдаса бихьизабун букIана. Суратал рахьизе данде ккечIо, амма гьеб бихьарал чагIи чамалиго руго. Лъаларо гьеб цо леопардищ киназдаго бихьун бугеб яги батIи-батIиялищ, щайгурелъул гьеб хьвадула нусго километралдаса азарго километралде щвезегIанасеб кIудияб территориялда. Азарго километралъ рикIкIаде хьвадулел рухIчIаголъаби къанагIат гурого рукIунаро.





**— КигIан гIарац кьолеб хIукуматалъ ЛъаратIа заказникалъе? ГIолеб бугищ нужее гьеб?**

— Нижее хIалтIухъабазе къваригIараб, хIажатаб щинаб жо бисизе кьола гьез гIарац, нижеца заявкаги кьун. Исана чуял росизеги гIарац биччана. Гьеб гуреб, нижерго зарплатаги буго щивасул. МахIачхъалаялда буго нижер бухгалтерияги, финансовиял, гIарцулал суалазе дица бищунго дагьаб кIвар кьола. Дун гIарацue гIоло гуро, тIабигIаталъе гIоло хIалтIулев чи. Дир хIисабалда щивав чиясе бокьизе ккола тIоцебе жинца гьабулеб хIалтIи, гьеб мехалъ гIарац камун кидаго хутIуларо. Щивав чиясе тIоцебе бокьизе ккола тIабигIат ва цIунизе ккола. ГIадада гуроха нилъее ТIадегIанав Аллагьас кьураб зобги, ракьги, рохьги, рухIчIаголъиги. Гьеб буго нилъер бищунго кIудияб берцинлъи ва бечелъи. Гьеб нилъеца цIунизе ккола.

**—Къабанал гIемерлъун руго нилъер гьанир ва гьездаса кIудияб хIинкъи буго хурзабазе. ЧIвазе бегьулищ гьел? Лъица гIакIа къотIулеб гьел чIваялъухъ, хIукуматалъищ яги заказникалъул нухмалъиялъищ?**

— Гьеб битIараб буго, къабанал гIемерлъун руго нилъер районалда заказник рагьаралдаса, чIвазе гьукъун бугелъул гьанже кинабгIаги рухIчIаголъи, хасго къанагIатаб. ХIукуматалъ гIакIа къотIула чан чIварав чиясе. Масала, заказникалъул ракьалда къабан чIварав чиясе бихьизабураб гIакIа буго 75 000 гъурущ, заказник тун къватIиб гьеб чIварав чиясе бихьизабураб гIакIа буго 45 000 гъурущ гIарац. Гьединго щибаб рухIчIаголъи чIваялъул буго хIукуматалъ бихьизабураб гIакIа. Масала багIараб тIехьалде босараб, къанагIатаб Благородный олень абураб чан чIварав чиясда тIалъула 175 000 гъуруш гIарац. Гьеб гуреб административияб гуреб уголовияб жавабчилъиялде гьоркье ккезеги рес буго.

**Гара-чIвари гьабуна**
**Расул АБАКАРОВАС**

*к сведению предпринимателей*

# Уважаемые предприниматели и сельхозпроизводители тляратинского района

**В целях повышения доступности получения государственных и муниципальных услуг для юридических лиц и индивидуальных предпринимателей Минэкономразвития России разрабатывает концепцию организации деятельности МФЦ, путем взаимодействуя с представителями бизнес сообщества.**

Поддержка субъектов малого и среднего предпринимательства является одним из главных направлений, которое сегодня активно развивается в МФЦ. Разработана комплексная программа “МФЦ для бизнеса”, которая включает в себя широкий комплекс услуг для бизнес-структур. Она насчитывает 114 видов услуг, в рамках которых предприниматель может получить помощь различного характера на любом этапе ведения бизнеса, который включает в себя предоставление не только государственных и муниципальных , но и дополнительных (сопутствующих) услуг, начиная от регистрации индивидуальных предпринимателей и юридических лиц, до получения разного рода форм господдержки:

- оказание бесплатной консультационной помощи по выбору организационно-правовой формы;
- подготовка и прием документов для регистрации ООО, ИП, а также для их прекращения и ликвидации;
- прием оплаты госпошлины в пунктах приема платежей МФЦ;
- консультационная и организационная поддержка сельскохозяйственных товаропроизводителей в сфере организации и развития бизнеса, получения различных видов господдержки: на развитие овощеводства, консервной промышленности, на приобретение сельскохозяйственной техники, раскорчевку многолетних насаждений, поддержку племенного животноводства;
- консультации по разработке и внедрению инвестиционных проектов, в том числе бизнес-планов и бизнес-проектов;
- информирование предпринимателей об изменениях в законодательстве, о типичных ошибках и нарушениях, допускаемых при ведении бизнеса, о новых финансовых инструментах, разработанных специально для малого и среднего бизнеса.
- возможность получения консультации и помощи юриста по возникающим вопросам на любом этапе ведения бизнеса и многое другое

Преимуществом обращения в многофункциональный центр является отсутствие беготни, экономия времени предпринимателя, отсутствие прямого контакта с чиновником, исключение коррупционной составляющей, а также подача минимального пакета документов для получения услуги.

Специалистом МФЦ проводится информирование заявителя о ходе его дела на каждом этапе.

❁ *нилъер тIабигIат*

# САРЫКУМ – заповедная страна у горных «ворот» Дагестана

**У самых ворот Горного Дагестана, на левом берегу реки Шура-Озень, у оснований предгорного хребта Нарат-Тюбе в Кумторкалинском районе лежит песчаная гора Сарыкум. В переводе с кумыкского языка Сарыкум означает «желтые пески». Эта песчаная гора столь велика, что с Терско-Сулакской низменности в хорошую погоду она видна за десятки километров.**



Сарыкум – один из самых высоких изолированных песчаных массивов в мире. Абсолютная высота его превышает 250 метров над уровнем моря, а высота собственно песчаной горы от его основания до гребня превышает 150 метров. В устном творчестве кумыков есть множество легенд и преданий, связанных с «песчаной горой» и объясняющих ее возникновение.

Одна из них повествует о том, что гора образовалась на месте, к которому здешний хан приковал свою неверную жену Загидат и засыпал ее песком. По другой легенде, гора Сарыкум - это засыпанная песком могила великана Замти.

Ученые описали Сарыкум сравнительно недавно. Большинство из них считали, что пески Сарыкума накопились в этом месте из-за интенсивного выдувания песчаников, из которых сложены прилегающие к нему предгорные хребты. Впервые это предположение высказал в конце 19 века русский геолог французского происхождения Николай Павлович Барбот-де-Марни, который писал, что образование песчаной горы связано с сильными местными ветрами, направляющимися из ущелья реки Шура-Озень. Позднее эти предположения поддержал и дополнил известный российский ботаник А.А. Майоров. По его мнению, бархан своим происхождением обязан действию ветров, дующих во взаимно перпендикулярных направлениях из долины р. Шура-Озень и вдоль предгорий. В этом месте образуется завихрение, вследствие чего выдуваемые в течение веков массы песчинок из обнаженных близлежащих гор скапливались на данной территории.

Сейчас ученые заповедника и их коллеги из Института геологии ДНЦ РАН и Казанского университета доказали, что пески Сарыкума накапливались благодаря водной эрозии, и лишь затем под действием ветров приобрели современный облик эоловых форм - дюн и барханов. Таким образом, согласно представлениям современной науки, песчаный массив образовался, главным образом, из песков, принесенных с окрестных предгорий водными потоками. Нынешние же очертания Сарыкум обрел сравнительно недавно (не более 5 тыс. лет), в результате эоловых процессов, когда дующие с разных сторон ветры сформировали несколько грандиозных дюн и множество барханов.

В 1978 году Сарыкум был объявлен памятником природы, а с 1987 года здесь организован участок «Сарыкумские барханы» государственного природного заповедника «Дагестанский».

Флора Сарыкума с прилегающими предгорьями насчитывает более 350 видов растений, в том числе такие редкие и охраняемые, как астрагал каракугинский, астрагал Лемана, вайда песчаная, крестовник Шишкина, касатик остродольный, безвременник яркий и др. Еще более богат и своеобразен животный мир.

Фауна беспозвоночных насчитывает несколько тысяч видов, среди которых немало краснокнижных насекомых: боливария короткокрылая, дыбка степная, щипавка буцида, аскалаф пестрый, грушевая сатурния, махаон и др.

Сарыкум и его окрестности имеют особое значение для охраны пресмыкающихся. Змеи, ящерицы, черепахи - это визитная карточка заповедного участка. Здесь обитает 7 рептилий, видов занесенных в Красные книги России и Дагестана – средиземноморская черепаха, ушастая круглоголовка, кошачья змея, гюрза и др.

Еще Сарыкум – мечта бердвотчеров. Такое разнообразие птиц на столь маленькой территории не найти, пожалуй, нигде более в России. На заповедном участке и прилегающих к нему склонах хребта Нарат-Тюбе зарегистрировано более 170 видов птиц, в том числе три десятка занесенных в красные книги России и Дагестана (орел-могильник, беркут, степной орел, курганник, черный гриф, белоголовый сип, стервятник, тювик, степная пустельга, стрепет, филин и др.).

Как место гнездования и миграций редких и исчезающих птиц Сарыкумские барханы и хребет Нарат-Тюбе объявлены Союзом охраны птиц России ключевой орнитологической территорией международного значения.

Сарыкум излюбленное место отдыха жителей и гостей нашей республики. Руководство и коллектив заповедника «Дагестанский» прилагают все усилия для того, чтобы сделать его показательным объектом для развития экологического туризма в Дагестане. Здесь построен большой визит-центр с музеем природы для туристов, созданы вольеры и черепашатник для реабилитации раненных животных. Разработана учебно-познавательная экологическая тропа для работы со школьниками.

Сарыкум представляет собой не просто уникальный памятник природы, а настоящий музей под открытым небом. Мы должны беречь и охранять его, и сделать этот заповедный уголок источником ярких впечатлений о красоте и неповторимости природы Дагестана!

**Марьям МАГОМЕДОВА,**
**Специалист по экопросвещению заповедника «Дагестанский»**

---

**УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ № 1414**

**С ПОЛНОМОЧИЯМИ МУНИЦИПАЛЬНОЙ ИЗБИРАТЕЛЬНОЙ КОМИССИИ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ ГЕРЕЛЬСКИЙ» ТЛЯРАТИНСКОГО РАЙОНА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

«24» 06 2016 года №7

**РЕШЕНИЕ**

**О выдвижении и регистрации кандидатов в депутаты сельского поселения МО «сельсовет Герельский»**

В соответствии со статьей 36 ч. 8 закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» и решения сессии сельского Собрания «О выборах депутатов представительного органа сельского поселения» за № 6 от 20.06.2016 года участковая избирательная комиссия **№ 1414** с полномочиями муниципальной избирательной комиссии муниципального образования сельского поселения «сельсовет Герельский» муниципального района «Тляратинский район» Республики Дагестан **РЕШИЛА:**

1. Провести выдвижение и регистрацию кандидатов в депутаты сельского поселения МО «сельсовет Герельский» с 25 июня по 24 июля 2016 года в помещении УИК №1414 по адресу с. Герель, Тляратинского района.

2. Настоящее решение опубликовать (обнародовать) в местных СМИ.

**Председатель УИК № 1414**
**с полномочиями МИК МО СП «сельсовет Герельский»**
**Тляратинского района Республики Дагестан** ________ Оцилов Р.М.

**Секретарь УИК № 1414**
**с полномочиями МИК МО СП «сельсовет Герельский»**
**Тляратинского района Республики Дагестан** ________ Охохонов А.И.

**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ ГЕРЕЛЬСКИЙ»**

**368420 с. Герель**

«_20_»____06_____2016 г. № 6

**РЕШЕНИЕ**
**сессии сельского Собрания**

**о выборах депутатов представительного органа сельского поселения**

В соответствии с пунктом 5 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 26.06.2009 г. №50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», пункта 2 статьи 23 Федерального закона от 06.10.2003 г., №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления» и Устава сельского поселения сессия сельского Собрания **решает:**

1. Назначить выборы депутатов представительного органа сельского поселения муниципального образования «сельсовет Герельский» на единый день голосования 18 сентября 2016 года.
2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Тлярата» не позднее 24 июня 2016 г.

**Глава сельского поселения**
**«сельсовет Герельский»** **Шейхов А.М.**

---

❁ *УСЗН*

## Министерством труда и социального развития РД на летний период 2016 года приобретены для детей из малообеспеченных семей бесплатные путевки в летние оздоровительные лагеря нашей Республики

**Управлением социальной защиты населения МО “Тляратинский район» ведется работа по предоставлению государственной услуги - организации летнего отдыха детей и подростков.**

При распределении путевок особое внимание уделяется детям, находящимся в трудной жизненной ситуации - это дети сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, дети инвалиды, дети из многодетных и неполных семей, дети, оказавшиеся в экстремальных ситуациях, дети из семей группы риска и безработных граждан, и другие категории.

Доставка детей в лагеря и обратно бесплатная.

Путевками обеспечиваются дети в возрасте до 15 лет включительно.

Чтобы отправить ребенка в лагерь, необходимо написать заявление на имя руководителя УСЗН в МО “Тляратинский район» и предоставить необходимый пакет документов.

1. Медицинская справка установленной формы (для отправки детей в лагерь) с указанием эпид. окружения, анализов, прививок;
2. Копия медицинского полиса (продленного)
3. Копия свидетельства о рождении (2 шт.)
4. Копия паспорта одного из родителей
5. Копия льготного документа (постановление об опеке, свидетельство многодетной матери, справка о размере пенсии по утере кормильца, инвалидности ребенка или родителей)
6. Справка о составе семьи
7. Справка о зарплате за три последних месяца родителей (неработающим - копия трудовой книжки).

Любую информацию об организации летнего отдыха можно получить ежедневно по **по адресу:**

**с.Тлярата Тляратинского района, УСЗН в МО «Тляратинский район»**



# ЦЗН Тляратинского района сообщает:

*Информация для женщин находящихся в отпуске по уходу за ребенком до достижения ими возраста трех лет.*

ГКУ РД ЦЗН «Тляратинский район оказывает государственную услугу по профессиональному обучению и дополнительному профессиональному образованию женщин находящихся в отпуске по уходу за ребенком в возрасте до трех лет. Женщины имеющих малолетних детей до 3 лет представляет собою особою категорию граждан чье положение требует оптимизации на современном рынке труда, они как правило испытывают особые трудности при возвращении на прежнее место работы или при новом трудоустройстве, зачастую это связано с потерей профессиональных знаний и навыков. Женщины обратившиеся в службу занятости также могут получить государственную услугу по профессиональной ориентации, таким образом можно выявить профессиональные предпочтение для трудоустройства и обучению, помимо этого служба занятости реализует программу социальной адаптации на рынке труда и оказанию им психологической поддержки. Услуга реализуется с целью ускоренного приобретения профессиональных навыков необходимых для выполнения определенной работы с целью получения дополнительных умений навыков, изучения новой техники и технологий для осуществления нового вида профессиональной деятельности, а также для получения новой квалификации с учетом имеющегося образования.

По всем вопросам обращаться в центр занятости населения.

**Директор ГКУ РД в МО «Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**
***Исполнитель***
**ГУСЕЙНОВ Г.А.**

## Прокуратура сообщает:

# Прокуратурой района проведена проверка исполнения требований законодательства о занятости населения

**Проведенной проверкой установлено, что на поднадзорной территории имеются факты хищения бюджетных средств путем мошеннических действий, предназначенных для выплат пособия по безработице.**

В частности примерно в ноябре 2013 года, точное время не установлено, житель с. Жажада Тляратинского района из личной заинтересованности обратился к главе АСП «сельсовет Начадинский» Тляратинского района РД с просьбой о внесении в его трудовую книжку записей о принятии его на работу в качестве истопника и охранника администрации, и об увольнении с указанной должности.

Глава вышеуказанной администрации сельского поселения, будучи должностным лицом, из иной личной заинтересованности, удовлетворил просьбу местного жителя, то есть внес в официальный документ – трудовую книжку жителя заведомо ложные сведения, а именно недостоверные записи о принятии его на работу в качестве истопника и охранника администрации и об увольнении его с работы, при этом официального приказа о его назначении и об увольнении глава администрации не издавал, к исполнению обязанностей истопника и охранника местный житель не приступал, заработную плату последний не получал.

13.02.2014 местный житель, продолжая свой преступный умысел, осознавая, что записи в его трудовой книжки о принятии на работу и об увольнении его с работы, носят формальный характер, из корыстной заинтересованности, связанной с незаконным обогащением, обратился в ГКУ РД ЦЗН в МО «Тляратинский район» (далее - Центр) с заявлением о назначении ему пособия по безработице, предоставив в Центр оригинал своей трудовой книжки с недостоверными данными, а также недостоверную справку о средней заработной платы для определения размера пособия по безработице.

Приказом директора ГКУ РД ЦЗН в МО «Тляратинский район» от 21.02.2014 местному жителю назначено пособие по безработице сроком на 12 месяцев в процентном соотношении от его заработной платы с последнего места работы.

Всего с 13.02.2014 по 05.02.2015 местным жителем получены денежные средства в размере 55388 рублей и 41 копейка, предназначенные последнему в качестве пособия по безработице.

Однако в ходе настоящей проверки установлено, что общая сумма выплат, предназначенных местному жителю в виде пособия по безработице, должна была составить 5865 рублей, ввиду отсутствия у последнего прежнего места работы и соответственно заработной платы.

Так как в указанных действиях главы администрации сельского поселения «сельсовет Начадинский» усматриваются признаки состава преступления, предусмотренного ч.1 ст. 292 УК РФ – служебный подлог, то есть внесение должностным лицом в официальные документы заведомо ложных сведений, и в действиях местного жителя усматриваются признаки состава преступления, предусмотренного ч.1 ст.159.2 УК РФ - мошенничество при получении выплат, то есть хищение денежных средств при получении пособий, установленных законами и иными нормативными правовыми актами путем предоставления заведомо ложных и (или) недостоверных сведений, прокуратурой района руководствуясь п. 2 ч.2 ст. 37 УПК РФ в следственные органы направлено 2 материала для решения вопроса об уголовном преследовании по фактам выявленных нарушений уголовного законодательства.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

**Исп. Г.В. САСИЕВ**
**тел. 55-29-27**

# С 1 июня 2016 года жители республики могут отказаться от навязанной страховки

**В соответствии с Указанием Банка России от 20 ноября 2015 г. N 3854-У "О минимальных (стандартных) требованиях к условиям и порядку осуществления отдельных видов добровольного страхования", с 1 июня 2016 года граждане смогут без потерь отказываться от навязанных договоров добровольного страхования.**

Требования разработаны в связи с негативной практикой навязывания гражданам договоров добровольного страхования, в заключении которых они не заинтересованы, в том числе при получении страховых или банковских услуг.

Минимальные (стандартные) требования к условиям и порядку осуществления отдельных видов добровольного страхования установлены для договоров страхования жизни, страховании от несчастных случаев и болезней, медицинском страховании, страховании средств наземного транспорта (кроме ж/д), имущества (кроме ТС), страховании ответственности владельцев средств водного транспорта, ответственности за причинение вреда третьим лицам, страховании финансовых рисков.

По указанным видам страхования гражданин вправе отказаться от заключенного договора в течение 5 рабочих дней с возвратом уплаченной страховой премии (страхового взноса) независимо от момента их уплаты.

# В Правила дорожного движения введен запрет на опасное вождение

**Постановлением Правительства Российской Федерации от 30.05.2016 № 477 внесены изменения в Правила дорожного движения Российской Федерации. Внесенными изменениями введен запрет на опасное вождение. Пункт 2.7 Правил дорожного движения Российской Федерации, дополнен абзацем следующего содержания:**

«опасное вождение, выражающееся в неоднократном совершении одного или совершении нескольких следующих друг за другом действий, заключающихся в невыполнении при перестроении требования уступить дорогу транспортному средству, пользующемуся преимущественным правом движения, перестроении при интенсивном движении, когда все полосы движения заняты, кроме случаев поворота налево или направо, разворота, остановки или объезда препятствия, несоблюдении безопасной дистанции до движущегося впереди транспортного средства, несоблюдении бокового интервала, резком торможении, если такое торможение не требуется для предотвращения дорожно-транспортного происшествия, препятствовании обгону, если указанные действия повлекли создание водителем в процессе дорожного движения ситуации, при которой его движение и (или) движение иных участников дорожного движения в том же направлении и с той же скоростью создает угрозу гибели или ранения людей, повреждения транспортных средств, сооружений, грузов или причинения иного материального ущерба».

# Прокуратурой района проведена проверка исполнения требований законодательства о лицензировании автозаправочных станций

**В ходе проверки выявлены нарушения лицензионного законодательства при реализации сжиженного газа на автомобильной газозаправочной станции (АГЗС).**

В частности указанная станция эксплуатируются без лицензии на эксплуатацию взрывопожароопасного объекта.

В соответствии с Федеральным законом Российской Федерации от 4 мая 2011г. №99-ФЗ «О лицензировании отдельных видов деятельности» лицензированию подлежит эксплуатация взрывопожароопасного объекта.

По результатам проверки прокуратурой района в отношении руководителей АГЗС возбуждено производство об административном правонарушении, предусмотренные ч. 2 ст. 14.1 КоАП РФ (осуществление предпринимательской деятельности без специального разрешения (лицензии), которое направлено в Арбитражный суд Республики Дагестан для рассмотрения по существу.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**
**Исп. Г.В. САСИЕВ**
**тел. 55-29-27**

*Дин ва гIумру*

# Тавбуялъул ва сабруялъул моцI

**Рамазан моц1 буго Аллагьасде ﷻ ине бокьарав чи Аллагьас ﷻ къабул гьавулеб моцI. Гьаб буго гIумруялъ жиндир кIарчанлъи ккарав чи, РахIманасул рагьдухъ кIутIулеб моцI. Щибаб сардилъ Аллагьас ﷻ ахIулеб буго: «Вугищ мунагьал чуризе бокьарав чи, Дица гьесул мунагьал чуризе руго. Вугищ дугIа гьабулев чи, Дица гьесул дугIаялъе жаваб гьабизе буго. Вугищ Диде вуссине бокьарав чи, Дун гьесде вуссине вуго», - ян. Гьалдаса кIудияб рахIмат инсанасда дунял-ахираталда дандчIвазеги гьечIо. Гьаб давла босарав чиги вуго талихIав ва гьаб давлаялдаса махIрумлъарав вуго талихIкъарав.**




Пикру гьабеха, дур буго гIемераб боцIи, лъимал, кIудияб мина, лъикIаб машина, хъулухъ. Амма ахираталда дуда абуни, дур мунагьал чуричIин, щиб пайдаха ккараб гьесул магIишаталдаса? Гьединлъидал, нилъеца Аллагьасе ﷻ рецц гьабизе ккола рамазаналъги нилъ чIаго таралъухъ.

Чан чи вугев араб соналъ нилъеда цадахъ вукIарав, амма исана нилъгун таравихIал разе кIвечIев, чан чи хварав, чан чи унтун бусада лъурав? КIал кквей ккола иманалъул ункъил бутIа гьабун цо бутIа. Щайгурелъул, Аварагас ﷺ абун буго: **«КIал кквей буго сабруялъул бащалъи»**, - ян. Хадубги Хирияс ﷺ абун буго: **«Сабру ккола иманалъул бащалъи»**, - ян.

Жакъа инсанасда гIемераб жоялъул хIисаб гьабун бажарула, техника буго цебетIун, компьютералъ гIемераб жоялъул хIисаб гьабула, амма сабру гьабурав чиясе букIунеб кириялъул хIисаб лъихъаниги гьабун бажаруларо. Гьеб хиралъиги буго кIал ккурав чиясе. Цоги, Аварагас ﷺ абун буго: **«Алжаналда жаниб буго рагьу, гьелда цIарги буго Раяян абун. КIал ккурав чи гурого гьеб рагьдухъан лъугьунаро»**, - ян. Гьеб ккола хирияв аварагасул рахъалдасан бугеб къотIи, ай кIал ккурав чи алжаналъуве лъугьинавизе вугин абураб. Хадубги Аварагас ﷺ къотIи гьабулеб буго гьадин: **«КIал ккурав чиясе буго кIиго рохел: кIал биччаялда аскIоб ва Аллагьгун дандчIвайдал бугеб рохел».**

Гьелдасан нилъеда бичIчIулеб буго кIал ккурав чи Аллагьгун ﷻ дандчIван вохизе вугин абун. Хирияс абулеб буго: **«Щибаб жоялъул букIуна рагьу, гIибадаталъул рагьу буго кIал кквей»**, - абун. Сундулго букIуна байбихьи: мина балаго кьучI лъола, къадал рала, тIох гьабула. Гьелъул гIаксалда, цин къадалги ран хадуб кьучI лъоларо. ГIибадатги инсанасухъа лъугьине ккани инсанас кIал ккола. Щайгурелъул, кIал кквеялдалъун инсанасул бидурихьал къварилъула, бидурихьал къварилъидал гьесул чорхолъ щайтIаналъе чIезе бакIги хутIуларо. ЩайтIан чорхолъ бугеб напсалда Аллагь ﷻ лъазе рес гьечIо. Гьединлъидалин аварагас абураб: **«КIал кквей гIибадатазул рагьу буго»**, - ян.

Рамазан буго лъикIлъаби гьарулезул моцI. ГIемерал гIадамал рукIуна тIубараб лъагIалица мунагьал гьарулел. Масала, кучIдузухъ гIенеккун, руччабигун жуван, хъалиян бухIиялда даимлъун. ХIатта щибаб къойил цо-цо пачка хъалиябазул бухIула. Гьеб тезе кIоларинги гаргадулел рукIуна. Амма кIал ккурав чиясда хъалиян тезе бигьаго кIола.

Гьединлъидалин рамазаналъ тавбу гьабизе, мунагьал рехун тезе жигар бахъизе кколеб. Амма кири щвезе ккани, ракъи-къеч теялдалъун къокълъуларо. КваначIого индусалги чIола, гьекъечIого вараниялъги яхI бахъула. КIалалъул кири щвезе ккани цIунизе ккола адабал. Лъазе ккола кIалалъул кири щиб гьабидал холебалиги. Аварагасул ﷺ заманалда кIиго чIужугIадан, бухIараб салул авлахъалда кIалги ккун, кутакалда яхI хун, лъавудаса инехъин рукIун руго. Гьез аварагасухъе чи витIун вуго жидерго бугеб хIалги бицун.

Аварагас ﷺ гьезие жавабги кьечIого, гьезухъе битIун буго цо цIарагI, нужеца кванараб жо гьалдежанибе лагIейиланги абун. Руччабаз гIажаиблъи гьабун ва аварагас малъараб гьабизе кколелъул, гьел цIарагIалъубе лагIун руго. Гьезги лагIун буго гьанал кесек ва бидул реччел. Цинги гIадамаз гIажаиблъи гьабун буго. Аварагас ﷺ гьезде хабар ккезабун буго нужеца кIал ккун букIанин Аллагьас ﷻ хIалал гьабураб жоялдасан, ай хIалалаб квен, лъим тун ва амма нужеца кIал хвезабунин хIарамаб гъибаталдалъун. Гьеб нужеца лагIараб жо бугин, нужеца гIадамазул кванараб гьан.

Гьеле гьедин инсанас тIубараб къоялъ ккураб кIалалъул кири хвезабулеб буго гъибаталдалъун, мацI гьабиялдалъун, гьереси бициналдалъун.

# Мурид устарасе мутIигIлъизе бегьи

**Къосун ккараб агьлуялъул пикру букIуна мурид устарасе мутIигIлъи куфру бугин, инсан Аллагь гуресе мутIигIлъизейищин бегьулебин абураб. Гьелдаго хадуб гьезабула бусурбанчиясе цевехъан, гьесда жо малъулев чи къваригIунарин, мазгьабги кквечIого Къуръан-хIадисалдаса жиндирго пикруялда рекъон хIукмуги гьабун чIезе кколин абураб пикру.**



Гьелъие далиллъун Къуръаналдаса рачуна гьадинал аяталги: «Гьез церехъабилъун ккуна жидерго кашишал, Аллагьги рехун тун»; «Ниж мутIигIлъана нижерго церехъабазе ва гьелдалъун къосинеги къосана». Гьал ва гьазда релълъарал, умумузул динги тун исламалде рачIайин капурзабазде хитIабгун исаламалъул авалалда рештIарал аятал. Жакъа гьез далиллъун гьел аятал рачунел руго жидер устар, мугIалим, муршид, динияв цевехъан ругел бусурбабазе. Гьезие мутIигIлъун, гьез малъухъе Аллагьасе гIибадат гьаби рикIкIунеб буго ширклъун. Гьел гьаримаз пикруго гьабулеб гьечIо жидеда хъвазе-цIализе малъичIого лъалеб букIинчIолъиялде, гьединго, цогидал махщелалги малъичIого лъалареллъи. ХIакъикъаталдаги гьезда гьоркьоб щибго батIалъи гьечIо. Зикр бачине малъаниги, хъвазе-цIализе малъаниги мугIалим къваригIунев вуго, гьезул пикруялда борцани, гьебги куфру кколеб буго. Гьел аятал доб заманалда рукIарал рукIа, гьаб заманалъул рукIа, ай капурзабазде рещтIарал рукIиналъул халгьабичIолъи гуреб гьезда цогидал аятал рихьулелго гьечIо. Масала, гьаб хадусеб аят: «Нуж лъалареллъун ратани лъалеб агьлуялда цIехе». Гьаб аяталъул магIна кинабха ккараб, лъидаго нахърилълъине бегьуларинги абулаго? Лъалеб жо цIехейин лъицаниги абуларо гурищ? Щибха ккараб цинги, кинаб аят мекъи бугеб, Къуръаналъул аят мекъи букIине рес бугищ? Узухъда, гьечIо. Лъицаха гьединаб рагIи абизе рес бугеб? Имам Бухарияс ибну ГIумаридасан хаварижазул, ай битIараб агьлуялде данде рахъарал гIадамазул сипат гьабулаго бицараб хIадисалда абулеб буго: «Гьез, ай хаварижаз, муъминзабаздехун хIалтIизаризе руго капурзабазул хIакъалъулъ рещтIарал аятал», - ян. Ибну ГIумарил цоги риваяталда буго: « Дир умматалда дун бищунго хIинкъулел гIадамал руго, Къуръаналъул магIнаги гьабун бакI гуреб бакIалда, ай мекъаб рахъалда гьеб хIалтIизабулеб къавм», - ян. Щибго щаклъи гьечIо гьелги гьал рукIиналда. Гьелде тIадеги, Аллагьасул вализабазе мутIигIлъи Аллагьасе мутIигIлъи ккола.

Къуръаналда абулеб буго: **«Мун нахъвилълъа Диде вуссарасда, Диде гIагарлъарасда»**, - ян (сура «ГIанкабут», аят 15).

Гьаб аятги букIаго кин гьединазда кIолеб вализабазда, устарзабазда, мужтагьидзабазда, гIалимзабазда нахърилълъунгеян абизе. Хирияб хIадисалдаги буго: «Нужеца кIудиял чагIи, ай ригьалъ бугониги, яги жидер къимат бугел гIадамал кIодо гьаре. Гьел кIудиял гIадамазул хIурмат гьаби Аллагь кIодо гьави ккола. Гьезул адаб гьабуларев дидасан кколаро, ай дир умматалдасан», - ян.

Цоги хIадисалда буго: **«ГьитIинасда гурхIелги гьечIев, кIудиясул къиматги гьабуларев чи дир гуро»**, - ян. Гьалгощинал далилаги рукIаго гIелму бугев чиясе мутIигIлъун, гьес малъухъе гIибадат гьабизе бегьуларин аби ахIмакълъи, исламияб гIелмуялда жаниб бичIчIи ва лъай гьечIолъи кколарищ?

ТIабаранияс бицараб хIадисалда буго: **«Нуж мутIигIлъе, ай нужго гIодорегIаналлъун рихье нужеда жо малъулев чиясе»**, - ян.

Цоги риваяталда буго: «Лъабго жо буго мунафикъас гурони милат гьабичIого, адаб рехун, гIодобегIан гьабун толареб: исламалда вугев, жиндир рас хъахIлъарав кIудияв чи; гIелму бугев, гьелда гIамалги гьабулев гIалимчи; жиндир гIадлу битIарав цевехъан, имам, устар, щайих», - ян.

Имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: «Я БетIергьан Аллагь, гIалимзабазда нахърилълъунареб, хIалимасдаса нечолареб заманалде дун щвезе тоге, яги нуж щогеги. Гьезул ракIал бацIазул гIадал къвакIарал ругел, амма мацIалин абуни гIарабиязулгIан пасихIал ругел», - ян.

Гьеле гьеб заман гьабги бугоха, диналъул вацал, аварагасцин ﷺ цIуни жиндаса гьарараб.

**ГIумарасхIаб МУХIАМАДОВ.**

*сахлъи – инсанасул бечелъи*

# ЦIуне чехь–бакьалъул рахунел унтабаздаса

**Чехь – бакьалъул рахунел унтаби гIемерлъиялъе ва тIибитIиялъе бищунго хIинкъи цIикIкIараб заманлъун ккола риидалил заман. Дунял хинлъилалда цадахъго байбихьула гьел унтаби рагъаризе. Чехь бакьалъул унтабазда гьоркьоре уна бидул риххел, вабаъ, сальмонеллез цIадул унти ва гь. ц.**

Рахунел унтаби раккиялъе ва тIиритIиялъе аслияб гIиллалъунги ккола хъублъи, чороклъи. Хасго эбелалъул рахь щоларел лъималазда гьоркьоб гьел унтаби хехго тIиритIула ва захIматго унти гуребги хвел ккеялда хIинкъигицин букIуна.

Эбел – инсуца цIакъ кIвар буссинабизе ккола лъималазул рацIа – ракълъиялъул, ретIунеб ретIелалъул, квана – гьекъеялъул, хIухьбахъиялъул, рега – рахъиналъул низам цIуниялде.



Бегьуларо лъимал гIинтIамичIого, тIалаб гьабичIого, бокьухъе рехун тезе чорокаб лъадалъ, хIорахъ, лъарахъ чвердезе, чорокаб лъим гьекъезе, гьединаб лъеца овощал, пихъал, кверал, цIарагI чуризе квание хIалтIизабизе.

Унтаби тIиритIиялъе хасго рес кьола заман бахъараб рахьдал, гьанал ва цогидал нигIматазул квенал хIалтIизариялъ.

Рахунел чехь – бакьалъул унтабаз унтизе бегьула бокьараб ригьалъул гIадамал, хасго цогидасдаса цIикIкIун ва захIматго унтула гIисинал, эбелалъул рахь щвечIел загIипал лъимал. Инсанасул чорхолъе унтул микробал ккун чанго сагIаталдасан яги 1- 5 – 6 къоялдасан байбихьула унтул гIаламатал загьирлъизе. Унтарав рахIат хун лъугьуна, хехго свакала, макьу, квен рихуна, цIакан бахуна ракI сверула, чехь унтула, сири бан гъар – гъар щун лъугьуна, кIварщ дагьлъула.

Унтул захIмалъилъун ккола бетIер унти, бетIер свери, кIал – мацI бакьвай. ЦIикIкIараб къадаралда чорхолъа къватIибе лъамалъи, цIамал ин, щукIдул рукIкIин, квен рихин, биине кIунгутIи, чехь гьорой.

Цо – цо унтараз унтуде кIвар кьечIого жидецаго дараби гьекъон, мадар лъугьинин чIола, унти захIмалъула ва сверухъ ругезде бахиналъе цIикIкIараб хIинкъи букIуна.

Гьелъ унти халат бахъине дагьалги захIматал унтабазде сверизе ва сверун ругездеги бахине бегьула. ЛагIи, риххел хIинкъи бугеблъун ккола хасго гIисинал загIипал, лъагIичIел лъималазе ва гьездасан гIемерисел хвезеги хола.

Гьединлъидал, унтарав полисги босун кIванагIан хехго дараби гьаризе вегизе вачIине ккола больницаялде, вачIинегIан рокъобго гьекъезе ккола гьалараб лъим, чай кисель. Хасго гIисинал лъимал рокъор ругел бакIалда рукIине ккола регидрон, смекта.

Унтарасда сверухъ цIунизе ккола рацIа – ракъалъи. Нилъее руччабазе (улбузе) бищун бокьулеб жо ккола жиндирго кIалдибги ччун соска лъимадул кIалдиб лъезе, бегьуларо, гьеб ккола хъублъиялъул цо гIаламат. Бегьуларо унтарасул кIварщ, гъиз, лагIараб жо къватIахъе, пастIабахъе тIезе, гьелъ цIакъго рес кьола тIутIаз микробал тIиритIизариялъе. Кинабго чороклъи тIезе ккола гIицIго хIажатханалъубе.

Нилъго ва сверухъ ругел унтичIого рукIине ккани, щивас жиндирго напсияб ва жамгIияб рацIа – ракълъи цIунизе ккола.

ДаранчагIазги, квана – гьекъолел бакIазда хIалтIулезги кIвар кьезе ккола киса – кибего рацIа – ракълъи цIуниялде.

Нилъер къватIахъ иццазухъ, лъарахъ, хIорахъ, базаралда букIунеб чороклъи ккола нилъее щивасе унтуе хIинкъи бугеблъун.

Ругьун гьаре нилъгоги нилъер лъималги кваналелде цере сапун бахун кверал чуризе. Унтун хадуб дараби гьариялдаса бигьаяб буго гьелдаса цIуни.

*закон ва тамихI*

# Саназде рахинчIезул жавабчилъи

**Саназде рахинчIездаги лъазе ккола къанунazда цебе жидерго жавабчилъи. Балугъалъиялде рахинегIан лъималазда жеги щвалде щун бичIчIуларо законалда цебе жидер бугеб жавабчилъи.**



АнцIила ункъо сониде рахинегIан РФялъул къанунazда рекъон, гьел ккола гIисинлъималлъун ва гьез гьарурал такъсиразул жавабчилъи тIаде ккола эбел-инсуда. Умумуз лъикIаб тарбия кьун лъималазда лъикIабгун квешаб батIа бахъизе малъани, гьезул парахатаб гIумру букIине буго. АнцIила ункъо сон барал тамихIалде цIала чи чIвани, цIогь ва инсанасул чорхое захIматаб зарал гьабуни, гIадан-инсан викьани, теракталъул хIакъалъулъ гьерсилал баянал кьуни ва гьел гурел цогидалги пишабаз.

Такъсир гьабурал балугъалъичIел лъималазухъа гIакIа бахъула I000-са 50 000 гъурщиде щвезегIан кIиго анкьидаса байбихьун анлъго моцIалъул болжалалда жаниб. Судалъул хIукмуялда рекъон гьеб бахъула такъсирчиясул эбел-инсухъа яги закониял опекуназухъа.

БалугъалъичIел лъимал гьабулеб хIалтIудаса эркенги гьарула, гьез чидар магIишат бикъани. Гьединго тIамула чIорого хIалтIизе. Гьединаб тамихI къотIула ярагъ кодобккун гьабураб хулиганлъиялъухъ.

ЛъикIаб рахьалде инсан хисиялъул хIалтIабазде ритIула цо лъагIелалъ. Къанунazда рекъон законияб гуреб къагIидаялъ машина бахъани, жанир тIамизе рес буго I6 сон барал лъимал. ГIолилазда гьоркьоб дагIба – рагъ ккун инсанасул чорхое гьабураб зараралъухъ 2 моцIидаса лъагIалиде щвезегIан заманалъ жанир тIамизе рес буго саназде рахинчIел лъимал. Бищун захIматаб тамихI къотIула чи чIваразе, ургъунго инсанасул сахлъиялъе бакIаб зарал гьабуразе, зулму - хIал гьабуразе ва инсан викьаразе. Гьел эркенлъиялдаса махIрумги гьарун, гIаммаб ялъуни кьварараб тарбия кьеялъулаб колониялде ритIула. Гьединаб тамихIалъул болжал I0 соналдаса цIикIкIун кьезе бегьуларо.

Уголовнияб гуребги, административияб жавабчилъиялде цIала саназде рахинчIел лъимал гIиси-бикьинаб хулиганлъиялъухъ, пиво ва алкоголь гьорлъ бугел жал гьекъеялъухъ, ялъуни наркотикал хIалтIизариялъухъ. Чангиязда бичIчIуларо щиб жо кколеб хулиганлъи, ва байбихьула полициялъул хIалтIухъабазе жидеда гIайиб гьечIилан далилал рачине. Мисалалъе, футбо-лалъул матчги лъугIун, стадионалдаса къватIиве вачIунаго, чорокаб каламгун гIадамазда тункарулаго ани, гьеле гьеб ккола хулиганлъи. ГIадамазул ва жамгIияталъул рахIат хвезаби ккола гIисинаб хулиганлъи. Гьединаб такъсиралъухъ гIакIа, ялъуни I5 сордо – къоялъ туснахъ къотIула.

Лъималазда лъазе ккола анцIила ункъо сон бараладаса нахъе жидеца гьарурал такъсирияб ишазул жавабчилъи жидеда тIаде кколеблъи.

# Бруцеллезалдаса цIуне

**ГIадамазеги боцIуеги гIаммаб унтабазул цояб ккола бруцеллез. Аслияб къагIидаялъ бруцеллезалъ унтула гIи – цIани, гIачи, болъонал, ритIучIал, чуял ва гь. ц. рукъалъулгун гIалхул хIайванал. Гьездасан унти бахуна гIадамаздеги. Унти тIибитIизе гьабулел бактериял (бруцелла) инсанасул, чорхолъе ккола, бруцеллезалъ унтараб гIи – боцIуе хъулухъ гьабулаго, ялъуни гIи – боцIул нигIматал хIалтIизарулаго.**

Бруцеллезалъ унтула батIи – батIиял ригьалъул гIадамал. Хасго цIикIкIун унтула I5 – I7, 40 – 45 соназул ригьалда ругел. Унти цIикIкIун тIобитIула ихдал гIужалъ, гIи – боцIи къинлъулеб заманалда.

Унти тIибитIизабулеб бруцелла цIикIкIуе заманаялъ цIунун хутIула рахьдалъ, гьаналъ, хIанилъ, нахулъ.

Гьединлъидал гьел нигIматал лъикIго гьализаричIого релъинаричIого хIалтIизе гьаризе бегьуларо.

Масала рахьдалъ бруцеллезалъул микроб чIаго букIуна анцIгоялдасаги цIикIкIун къоялъ, хIанилъ 45, гьаналъ моцIалдасаги цIикIкIун, квасулъ – лъабго моцIалде гIагарун заманаялъ.

Бруцелла холла гIицIго I00, I20 градусалъул температураялда. Чиясе цIакъ захIмалъула бруцеллез унти хIехьезе. Гьеб чорхолъе ккун хадуб унти загьирлъизе бала анкь, цо – цо мехалъ кIиго моцIги.

Бруцеллезалъ унтарав чиясда байбихьуда сири базабула, 3 – 7 къоялъ чорхол цIакан 39 – 40 градусалде бахуна, гIетI бала, бетIер унтула, кванил, макьил рахIат хола, хадубккун унти басралъиялде сверула, гьелъ квешаб асар гьабула бох – квералъе, гIадалнахуе, ургьисалабазе ва ракIалъегун бидурихьазе.

Рукьби, ахадаса мугъ цIуриялъ яхI хвезабула, бохдузул гъуждузул рищалаби (суставал) гьорола, тIул, кьерчI унтула. Гьеб киналъулго хIасилалда хьвада – чIвадизе захIмалъула ва бусаде ккола. Дагьалго унтул гIаламат загьирлъарабго, гьеб захIмалъиелде унтарас кумек тIалаб гьабизе ккола. Басралъиялде сверани гьеб чорхолъа батIа гьабизе захIмалъула. Унтарав заман гIадада биччачIого, чара гьечIого больницаялда вегизе ккола.

Токалда лъеялги мадар лъугьине гьабула. Дарабаздаса хадуб 3-6 моцIалдаса лъабго соналъ тIатIала курорталде, санаториялде хIухьбахъизе хIарщулъ вегизе (грязолечение), ине ккола. ЛъикIаб буго спорталде, физкультураялде машгъуллъизе.

Ахирал соназда, цогидал рахунел унтабаздаго цадахъ, республикаялда цIикIкIунеб буго бруцеллез ва гьелъ унтарал.

Бруцеллезалде данде къеркьей гьаби аслияб къагIидаялъ тIаде ккола ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабазде.

Бруцеллезалъ унтараб хIайван нахъе тезе бегьуларо. Нилъеда цебе чIараб аслияб масъала буго цIодорлъи гьаби, рокъоб унтараб хIайван бугони, бахчун течIого гьеб заманаялда ветеринарияв хIалтIухъанас загьир гьаби, унтараб хIайваналъе заманалда гьелде данде привывкаби дараби хIалтIизаризе ккола.

Щибаб унтиго гIадин бруцеллез чорхолъе ккеялдаса гьукъизе бигьаяб буго. Гьеб тIоцебесеб иргаялда нилъеда, нилъерго цIодорлъи гьабиялда бараб буго.

*спорт*

# Мини-футболалъул рахъалъ районалъул чемпионат

**Гьале кIиго моцIгIанасеб заман ун буго МахIачхъалаялда мини-футболалъул рахъалъ ЛъаратIа районалъул чемпионат байбихьаралдаса. Гьениб гIахьаллъи гьабулеб букIана байбихьуда кинабниги I8 командаялъ, амма турнир ахиралде гIагарараб мехалъ цо-цо командаби рачIинчо хIазе. Щайгурелъул мухIканго лъалеб букIана жидее таблицаялда тIадегIанаб лъабго командаялда гьоркьоб бакI щвезе рес гьечIеблъи. ТIоцебесеб лъабго командаялъе щолелъул шапакъаталги. Ахиралде щвезегIан лъалеб букIинчIо тIоцебесеб бакI щиб командаялъе щвезе бугебали.**






**29 абилеб маялда лъугIана къецал. Турниралъул ахирисеб къоялъ хIалел рукIана таблицаялда рекъон тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIазда ругел командаби, ай Хадиялгун Къардиб. Хадиял команда букIана тIоцебесеб бакIалда ва гьезие ничьяги гIолеб букIана тIоцебесеб бакI цIунизе.**

ХIалуцараб дандечIеялда Хадиял команда бергьана I-0 хIисабгун. Гьединлъидал тIоцебесеб бакI ккуна Хадиял командаялъ, кIиабилеб бакI Къардиб командаялъ ва лъабабилеб бакI ЦIумилюхъ росдал командаялъ.

Щибаб тIадегIанаб бакI ккураб командаялъе щвана кIудиял шапакъатал, медалал ва грамотаби. Гьединго районалъул бетIер Ражаб Ражабовас администрациялъул рахъалдаса кьуна гIарцул шапакъаталги. Гьел къецал тIоритIулел рукIана «терроралде данде рагъ» абураб ахIиялда гъорлъ.

Районалъул бетIерас гIолилазе бицана терроралдаса бугеб хIинкъиялъул, гьелдаса цIунизе ккеялъул ва гIолохъанаб гIел битIараб нухде рачиналъулъ бугеб кIваралъулги. Гьелдалъун лъугIана нилъер районалда тIоцебе тIобитIараб районалъул чемпионат мини-футболалъул рахъалъ.



**Нижер мухбир**

## ГIакъилаб калам

ГьадигIан дагьаб заманаялъ гурого рукIунареб гьаб
дунялалдацин гьадигIан гIемераб жо къваригIунеб мехалда, абадиялъго рукIунеб ахираталъе гьабулеб лъикIаб
гIамал, вореги, нужеца гIелин абун тоге. («Канзул фаваид»),

* * *

ГIасаса ИчIил ГIалил МухIамадица (абун буго: «Кодобе кьолареб букIиналъ кириялъулги хIакъалъулги къимат гьечIо, лъачи, гьал гIадамазе», - ян.

* * *

Дунял бижаралдаса нахъе ризкъиялъги, хвелалъго гIадин, хадуб лъугьун гIадан валагьула.

## Гьиндиб росу

*нилъер росаби*



## ЛЪАЗАБИ

Аттестат № А021643, выданный в 1997 году Тохотинской средней школой **Кулизановой Эльмире Исрапиловне**, считать недействительным.

Аттестат 05 АБ №0043689, выданный Кардибской средней школой **Абдулмажидову Нуруле Алиевичу**, считать недействительным.

Материнский сертификат МК-4 № 0384632, выданный **Магомедовой Зареме Абдулханиповне**, считать недействительным.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00
фактически: 19.00 30.06.2016
Заказ ________________